

# BAB I BUBUKA

## 1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Nulis mangrupa salah sahiji tina opat komponen anu aya dina kaparigelan basa, nyaéta kaparigelan ngaregepkeun, nyarita, maca jeung nulis. Opat kaparigelan éta mangrupa hiji beungkeutan anu gembeng, nu silih deudeul tur silih lengkepan. Kaparigelan basa penting dina kahirupan sabab kaparigelan basa mangrupa dasar tina komunikasi nalika nepikeun maksud hasil tina pamikiran. Nulis mangrupa salah sahiji tina opat kaparigelan basa anu kawilang penting pikeun komunikasi jeung jalma séjén.

Nurutkeun Susanto (2013, kc. 7) nulis mangrupa kagiatan ngébréhkeun pikiran, rasa, jeung kahayang ngaliwatan kalimah-kalimah dina basa tinulis kalawan sistematis. Kaparigelan nulis mangrupa kaparigelan anu sipatna aktif, produktif jeung éksprésif. Lantaran kitu, kaparigelan nulis ogé diajarkeun disakola jeung dianggap kaparigelan anu héséna dina pangajaran di sakola. Dina kaparigelan nulis siswa dipéredih pikeun ngébrékeun sagala anu aya dina pikiran jeung rasana kana wangun tulisan. Salian ti éta nurutkeun Nuraeni & Kuswari (2015) salah sahiji tujuan pangajaran Basa Sunda lianna nyaéta nyiptakeun siswa anu kreatif jeung terampil dina ngagunakeun Basa Sunda, dina wangun lisan atawa tulisan. Ku kituna, kaparigelan basa hususna nulis ogé penting diajarkeun dina pangajaran basa Sunda di sakola.

Dina pangajaran basa Sunda di sakola, nulis mangrupa kaparigelan basa anu ngawengku sababaraha kompetensi dasar. Salah sahiji kompetensi dasar nulis téks biografi di SMA/SMK kelas XI. Hal ieu dipedar dina Kurikulum Tingkat Daerah Muatan Lokal Mata Pelajaran Bahasa dan Sastra Sunda SMA/SMK/MA/MAK Berbasis Kurikulum 2013 Revisi 2017, K.D 4.6 *Menulis teks biografi sederhana dengan memperhatikan struktur dan penggunaan kaidah bahasa* (Dinas Pendidikan Jawa Barat, 2017, kc. 38).

Dumasar tina kompetensi dasar ngeunaan nulis téks bografi kapaluruh yén anu kudu dihontal ku siswa téh nyaéta kompetensi tulisan kalayan nyangking dua aspek, kahiji nyaéta siswa kudu bisa nulis téks biografi kalayan ngagunakeun struktur téks biografi anu bener. Di lapangan siswa masih kénéh hésé nalika nulis kudu merhatikeun struktur téks bografi. Hal éta luyu jeung hasil wawancara ka guru SMK Negeri 12 Bandung nu nétélakeun ngeunaan kaparigelan nulis biografi nu dianggap hésé. Najan kacirina gampang, tapi dina prak-prakanana nulis biografi téh masih dianggap hésé ku siswa ku sabab siswa masih can bisa maham kana struktur téks biografi, siswa teu bisa ngabédakeun struktur téks biografi jeung struktur téks biodata. Anu kadua siswa kudu ngawasa kana kaedah kabasaan. Di lapangan siswa can mampuh kana kaedah kabasaan hususna dina aspek makéna basa jeung pilihan kecap (diksi). Éta hal luyu jeung pamadegan Navia, spk. (2018) nu nétélakeun yén kamampuh siswa dina nulis téks biografi masih kurang, siswa ogé masih kénéh kurangna kosa kecap nu cangking ku barudak. Luyu jeung Haynes, spk. (2016) anu nétélakeun yén pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis téks biografi siswa dilatih pikeun neangan sumber ngeunaan biografi tokoh anu ditangtukeun. Tujuanna nyaéta pikeun ngagampangkeun siswa nalika nulis téks biografi, jadi kamampuh siswa nulis téks biografi leuwih hadé.

Mahmoud (2014) nétélakeun yén kurangna saluyuna ngagunakeun modél pangajaran anu dilarapkeun guru bisa nyebabkeun turunna tingkat prestasi siswa. Ku sabab modél pangajaran anu digunakeun ku guru teu luyu jeung kahayang siswa. Ku kituna, guru kudu parigel dina ngawasa kelas nalika nepikeun bahan ajar, guru diperedih kudu bisa nepikeun bahan ku cara nyiptakeun kaayaan kelas anu matak betah siswa. Saluyu jeung pamadegan Yusuf (2011, kc. 139), anu nyebutkeun yén guru jadi palaku utama dina ngalarapkeun atawa dilarapkeun program pendidikan di sakola jeung miboga peran anu strategis dina ngahontal tujuan pendidikan anu dipiharep. Ku ayana kondisi éta nyieun siswa jadi ngarasa betah jeung sumanget dina diajar. Dina ieu pasualan guru kudu bisa ngagunakeun modél pangajaran anu varitif nyieun kaayaan kelas jadi leuwih hirup teu diamis tur monoton.

Tarékah pikeun ngungkulan pasualan di luhur nyéta ku cara ngalarapkeun modél pembelajaran pikeun dilarapkeun. Modél pangajaran *Examples Non Examples* bisa jadi salah sahji *treatment* pikeun dilarapkeun dina pangajaran kaparigelan nulis. Ieu modél téh hakékatna mantuan guru pikeun nepikeun bahan ajar. Sacara teoritis modél pangajara *Examples Non Examples* mangrupa modél pangajaran nu ngagunakeun gambar salaku média pikeun nepikeun matéri pangajaran. Ieu modél miboga tujuan ngarojong siswa pikeun mikir kritis jeung méréskeun pasualan-pasualan nu aya dina conto-conto gambar nu dipidangkeun. Ieu modél téh ngagunakeun média gambar dirancang sangkan siswa bisa niténan éta gambar pikeun didésripsikeun sacara singget ngeunaan eusi tina gambar nu dipidangkeun (Buehl dina Huda, kc. 235, 2014).

Lian ti éta sacara empiris panalungtikan ngeunaan modél *Examples Non Examples* kungsi dilaksanakeun ku Rosita (2015) kalayan judul “Modél Pangajaran *Examples Non Examples* pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Pangalaman Pribadi (Studi Kuasi Éxpérimén ka Kelas VII – 4 SMP Negeri 43 Bandung Taun Ajar 2014/2015)” hasilna, modél pangajaran *Examples Non Examples* bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis pangalaman pribadi.

Nurutkeun Rini (2016) dina panalungtikanna nu judulna “Modél Pangajaran *Examples Non Examples* pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Carita Pondok (Studi Kuasi Éxpérimén ka Kelas X-Farmasi SMK Puragabaya Kota Bandung Taun Ajar 2015/2016)” yén modél *Examples Non Examples* mampuh ngaronjatkeun pangajaran nulis carita pondok.

Anapon sasaran dina ieu panalungtikan jeung panalungtikan anu dilaksanakeun ku panulis nyaéta medar jeung maluruh ngeunaan modél pangajaran *Examples Non Examples* dina pangajaran nulis, ngan anu ngabédakeun nyaéta materi ajar jeung sumber data anu rék ditalungtik. Dina ieu panalungtikan leuwih nalungtik modél pangajaran *Examples Non Examples* dina nulis téks biografi.

Panalungtikan ngeunaan modél pangajaran *Examples Non Examples* dumasar panalungtikan nu saméméhna mampuh pikeun ngaronjatkeun pangajaran kamampuh nulis. Pikeun nulis téks biografi sacara umum can aya nu nalungtik, sanjan nu nalungtik nulis téks biografi ogé kungsi dilaksanakeun tapi ngagunakeun modél-

modél pangajaran anu béda jeung sumber data anu béda, dina prak-prakanna ogé tangtu béda.

Dumasar pedaran di luhur panalungtikan anu judulna “ Modél *Examples Non Examples* Pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Téks Biografi ( Studi Kuasi Éxpérimén ka Siswa Kelas XI SMK Negeri 12 Bandung Taun Ajar 2018/2019) perlu dilaksanakeun.

## **1.2 Identifikasi Masalah dan Rumusan Masalah**

Masalah dina ieu panalungtikan diidentifikasi sangkan leuwih museur sarta perlu dirumuskeun sangkan leuwih jentré.

### **1.2.1 Identifikasi masalah**

Masalah dina ieu panalungtikan dididentifikasi saperti ieu di handap.

- a. Kamampuh nulis téks biografi siswa can bisa ngagunakeun struktur téks biografi anu bener. Sarta dina kabahasaan siswa hése nalika ngagunakeun diksi, makéna basa, sarta éjahan anu bener.
- b. Modél pangajaran *Examples Non Examples* mangrupa modél pangajaran anu ngalibetkeun siswa dina prosés pembelajaran ti awal nepi ka akhir, siswa dituntun sangkan aktif tur komunikatif dina méréskeun masalah anu mangrupa proses pencapaian tujuan pembelajaran.

### **1.2.2 Rumusan Masalah**

Dumasar kasang tukang di luhur, masalah dina ieu panalungtikan téh di rumuskeun jadi sababaraha panananya ieu di handap.

- a. Kumaha kamampuh nulis téks biografi siswa kelas XI SMK Negeri 12 Bandung Taun Ajar 2018/2019 saméméh dilarapkeun modél *Examples Non Examples* ?
- b. Kumaha kamampuh nulis téks biografi siswa kelas XI SMK Negeri 12 Bandung Taun Ajar 2018/2019 sabada dilarapkeun modél pangajaran *Examples Non Examples* ?

- c. Naha aya ningkatna kamampuh nulis téks biografi kelas XI SMK Negeri 12 Bandung Taun Ajar 2018/2019 sabada dilarapkeun modél pangajaran *Examples Non Examples*?
- d. Naha aya béda anu signifikan antara kamampuh nulis téks biografi siswa kelas XI SMK Negeri 12 Bandung Taun Ajar 2018/2019 saméméh jeung sabada dilarapkeun modél pangajaran *Examples Non Examples*?

### **1.3 Tujuan Panalungtikan**

Panalungtikan ieu miboga dua tujuan, nyaéta tujuan umum jeung tujuan khusus, anapon tujuan husus jeung tujuan umum éta saperti ieu di handap.

#### **1.3.1 Tujuan Umum**

Dumasar kasang tukang jeung rumusan masalah nu dipedar sacara umum, ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun nguji éféktifitas modél *Examples Non Examples* dina ningkatkeun kamampuh nulis téks biografi.

#### **1.3.2 Tujuan Husus**

Sacara husus ieu panalungtikan boga tujuan pikeun ngadeskripsikeun:

- a. kamampuh siswa kelas XI SMK Negeri 12 Bandung Taun Ajar 2018/2019 dina nulis téks biografi saméméh dilarapkeun modél *Examples Non Examples*;
- b. kamampuh siswa kelas XI SMK Negeri 12 Bandung Taun Ajar 2018/2019 dina nulis téks biografi sabada dilarapkeun *Examples Non Examples*;
- c. ningkatna kamampuh siswa kelas XI SMK Negeri 12 sarta Bandung Taun Ajar 2018/2019 dina nulis téks biografi sabada dilarapkeun *Examples Non Examples*; sarta
- d. béda anu signifikan antara kamampuh nulis téks biografi siswa kelas XI SMK Negeri 12 Bandung Taun Ajar 2018/2019 saméméh jeung sabada dilarapkeun modél *Examples Non Examples*.

## **1.4 Manfaat Panalungtikan**

Mangpaat dina ieu panalungtikan diwincik jadi mangfaat teoritis jeung mangfaat praktis.

### **1.4.1 Manfaat Tioritis**

Sacara tioritis, ieu panalungtikan bisa dijadikeun référénsi pikeun mekarkeun élmu pangaweruh, salaku bahan atawa sumber acuan pikeun panalungtikan kahareupna, hususna ngeunaan modél *Examples Non Examples* dina pangajaran nulis téks biografi. Hasilna dipiharep bisa ngaronjatkeun kreatifitas guru dina nepikeun tujuan pangajaran sangkan nyieun siswa kairut. Salian ti éta dipiharep bisa ngaronjatkeun kamampuh siswa dina pangajaran nulis téks biografi.

### **1.4.2 Manfaat Praktis**

Manpaat praktis dina ieu panalungtikan dipedar di ieu handap.

- a. Pikeun siswa bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis téks biografi
- b. Pikeun guru bisa jadi alternatif ngagunakeun modél pangajaran pikeun pangajaran nulis husuna nulis téks biografi; sarta
- c. Pikeun nu nalungtik dijadikeun motivasi sangkan mampuh nyiptakeun, ngararancang sarta ngalarapkeun modél pangajaran nu aya salaku inovasi pikeun mekarkeun pola pangaweruh, pamahaman, ogé minat siswa kana diajar nulis téks biografi.

## **1.5 Raraga Tulisan**

Dina ieu skripsi disusun jadi lima bab, anu diwincik saperti ieu di handap.

Bab I bubuka ngawengku kasang tukangmasalah, identifikasi masalah, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangfaat panalungtikan, jeung raraga tulisan.

Bab II ngawengku ulikan tiori, ngawengku ulikan panalungtikan saméméhna, raraga mikir, jeung hipotésis, anu mgawengku ngeunaan modél pangajaran *Examples Non Examples*, nulis téks biografi jeung sagala hal anu aya patalina jeung matéri bahan pangajaran.

Bab III métode panalungtikan, ngawengku désain panalungtikan, sumber data, prosedur panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, instrumén panalungtikan, jeung téhnik analisis data .

Bab VI ngawengku hasil panalungtikan jeung pedaran hasil panalungtikan jeun pedaran hasil panalungtikan anu ngawengku kamampuh nulis téks biografi saméméh jeung sabada ngagunakeun modél *Examples Non Examples*, sarta béda signifikan kamampuh nulis biografi saméméh jeung sabada ngagunakeun modél *Examples Non Examples*.

Bab V ngawengku kacindekan, implikasi jeung rékoméndasi.